

# Jesyon Plèn ki Inondab yo ap Edike Moun Zile Vyèj yo sou Risk Inondasyon

Release Date: October 4, 2022

**ST. CROIX, Zile Vyèj Ameriken yo** -- Depi siklòn Irma ak Maria te devaste Zile Vyèj Ameriken yo an 2017, FEMA te konsantre anpil nan efò li yo pou ede avèk yon kantite pwojè pou diminye risk ak danje kont ensidan ak katastwòf yo alavni.

Ekip FEMA a pou Jesyon Plèn ki Inondab yo pou Rediksyon Danje te travay di pou ede edike epi ankouraje Moun Zile Vyèj yo pou yo pa deplase nan zòn inondasyon yo.

Melissa Griffith, yon Espesyalis Jesyon Plèn Inondab FEMA USVI, travay avèk Administratè Plan Inondasyon nan Depatman Planifikasyon ak Resous Natirèl (DPNR) teritwa a pou ede rezidan yo ak jesyon plèn inondab yo ak asirans inondasyon.

Jesyon plèn ki inondab se yon efò ki baze sou kominote a pou anpeche oswa diminye risk inondasyon, sa ki lakòz yon kominote ki pi dirab. Fonksyon jesyon plèn inondab yo enkli zòn, sansibilizasyon sou kòd bilding yo, ak ranfòsman. Pandan FEMA gen estanda minimòm jesyon plèn inondab yo pou kominote k ap patisipe nan Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP), lè nou adopte asirans inondasyon sa ap ede diminye enpak sosyo-ekonomik inondasyon yo. Anplis de sa, pi wo estanda règleman jesyon plèn inondab yo pral rann kominote vin pi ansekirite, pi solid, ak pi dirab.

“Administratè plèn inondab lan pou teritwa a se DPNR. DPNR ede pwopriyetè kay yo idantifye risk inondasyon yo epi ede yo devlope estrateji rediksyon risk inondasyon kote yo ka aplike nan alantou pwopriyete yo. Yo ap eseye ede rezidan yo konprann ki aksyon yo ka pran jodi a pou diminye risk inondasyon yo demen,” se sa Griffith te deklare. “Nou ap eseye ankouraje pwopriyetè pwopriyete yo pou yo jwenn asirans inondasyon anvan yon katastwòf rive ansanm ak edike yo sou fason li pi avantajye pase rete tann pou asistans federal. Pifò asirans pwopriyetè kay pa kouvri domaj inondasyon epi li pran yon kontra asirans pou inondasyon 30 jou pou antre an aplikasyon. Avèk yon politik inondasyon ki soti nan NFIP, w ap



**FEMA**

Page 1 of 3

garanti - jiska \$250,000 pou kay ou ak \$100,000 pou sa ki ladan l.”

Dapre Griffith, nou franchi yon gwo etap nan senk dènye ane yo pou mizajou règleman yo konsènan plèn inondab yo nan teritwa a. Règleman sou plèn inondab yo nan teritwa a, ki pa t ajou depi 2007, te vin ajou nan mwa fevriye 2021. Anplis de sa, DPNR te kreye tou yon Gid rapid USVI sou Jesyon Inondasyon pou manm kominote yo nan teritwa a. Gid rapid USVI a pral ede pwopriyete pwopriyete, pwofesyonèl konsepsyon, ak pwofesyonèl byen imobilye ak asirans yo konprann pou kisa epi kijan Zile Vyèj Ameriken yo jere devlopman nan plèn inondab yo pou pwoteje moun ak pwopriyete.

“Kounye a, n ap fè aktivite fòmasyon nan jesyon plèn inondab ak sansibilizasyon edikatif ak patnè teritoryal yo ak kominote a an jeneral pou rezidan yo ka amelyore konesans yo sou ekspozisyon yo nan risk inondasyon alavni.” Griffith te deklare.

Pou aprann plis sou jesyon plèn inondab, vizite [fema.gov/floodplain-management](https://www.fema.gov/floodplain-management). Pou aprann plis sou NFIP, vizite [fema.gov/flood-insurance](https://www.fema.gov/flood-insurance).

FEMA pral kontinye travay ak patnè teritoryal li yo pou diminye risk ak danje siklòn ak lòt katastwòf yo poze pou moun ki nan zile Vyèj yo. Planifikasyon pou diminisyon danje pou tout kominote a pral ranfòse yon eritaj rezistans pou moun Zile Vyèj yo.





FEMA ap òganize yon kou sou Baz Inondasyon Elevasyon an Me 2022 kote Rebecca Croft Strategic Alliance for Risk Reduction ki te enstwi l nan kanpis University of Virgin Islands Albert A. Sheen nan St. Croix. Fòmasyon an te fèt pou Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zile Vyèj yo, Otorite pou Jesyon Fatra Zile Vyèj yo, Depatman Planifikasyon ak Resous Natirèl Zile Vyèj yo ak lòt envite.  
FEMA/Melissa Griffith



**FEMA**

Page 3 of 3